ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№25 (23.183) • 2016 гъэм мазаем (февралым) и 12, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий хэтащ Урысеймрэ Италиемрэ мэкъумэш хозяйствэмкІэ я министрхэм ирагъэкІуэкІа зэІущІэм

КІуэкІуэ Юрий хэтащ УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Ткачёв Александрэ Италием мэкъумэш, ерыскъыпхъэ политикэмкІэ, мэзым екъэлІа политикэмкІэ и министр Мартин Маурициорэ Италие Республикэм и лЫкІуэ Іуэхущ Іапіэу Урысей Федерацэм щыІэм щрагъэкІуэкІам.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ мэкъумэш ІэнатІэм щыІэзэдэлэжьэнымкІэ, къэралитІым я экономикэ зэфІэкІхэр зэфІэгъэувэнымкІэ щыІэ Іэмалхэм. Министрхэм къыхагъэщащ Италием и хьэрычэтыщІэхэр зэман кІыхьым тещІыхьауэ икІи лъэныкъуитІми я сэбэн хэлъу Урысейм и щыналъэ куэдым зэрыщызэпыщІар.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, абы Италием и лЫкІуэхэр хэту щагъэзэщІэнущ псори зэхэту сом меларди 10-рэ мелуан 500-рэ зи уасэ проектэ тІу. Ахэр зыхуэгъэзар агропромышленнэ комплексырщ. Апхуэдэу дяпэкІэ лъэныкъуитІри зэщІыгъуу телэжьэнущ республикэм и турист-рекреацэ комплексым, узынщагъэр хъумэным, нэгъуэщІ Іэнатіэ зыбжанэми зегъэужьыным.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● Лэскэн щыналъэ

ДэІэпыкъуэгъу яхуохъу

КЪБР-м лэжьыгъэмкІэ, цыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр Тюбеев Альберт лэжьыгъэ Іуэхукіэ Лэскэн районым щыІащ. Министрымрэ район администрацэм и унафэщІ Афіэунэ Аслъэнрэ ахуэзащ щытыкІэ гугъуэм къихутауэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ цыхухэм.

МЫЛПЪКУКІЭ зыкъыщІагъэкъуэну зыкъыхуагъэзащ Анзорей, Аргудан, Урыхъ, Уэзрэдж, Ташлы-Тала къуажэхэм щыщ цыхъ зыбжанэм. Я псэукІэр ирагъэфІэкІуэнымкІэ дэІэпыкъуэгъу къахуэхъуну къэлъэІуащ Лэскэн ЕтІуанэ, Урыхъ жылэхэм щыпсэухэр.

Псори зэхэту а махуэм Іуэхугъуи 9-м хэплъащ икІи дэтхэнэми дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуну ар зи къалэнхэм пщэрылъ щащІащ.

Лэскэн район администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.



Хэхъуэмрэ хэщІымрэ зэхуагъакІуэ

● КЪБР-м и Правительствэм

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий дыгъуасэ ирагъэкІуэкІа зэІущІэм Іуэхугъуэ 20-м нэблагъэм щыхэплъащ.

«2016 гъэм, апхуэдэу 2017 - 2018 гъэхэм ятещІыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым и Іуэхукіэ» хабзэм хэлъхьэн хуей зэхъуэкІыныгъэм тепсэлъыхьащ КЪБР-м финансхэмкІэ и министр **Лыхъ Заур**. «Налшык къалэ дащІыхь Перинатальнэ центрыр ухунэр и кІэм нагъэсу лэжьэн щІидзэн папщІэ республикэ бюджетым щыщу текІуадэр 2016 гъэм сом мелуани 195,3-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Къэбгъэльагъуэмэ, псори зэхэту а Іуэхум бюджет ахъшэу сом мелуан 896-рэ текІуэдэнущ, - жиІащ Лыхьым.

Министрым къигъэнэІуащ щыналъэм и мылъкур мы гъэм зэрыхъунуми. Абы зэрыжиІамкІэ, республикэ бюджетым и хэхъуэр сом мелард 24,4-рэ хъуну хуагъэфащ, кІигъэсэбэпыну зыхуеинур сом мелард 25,4-рэ мэхъу. Бжыгъэхэр зыпэпльытыжмэ, щыналъэр зыхуэныкъуэр, адрей гъэми хуэдэу, сом 1 меларди 343,2-рэ мэхъу.

Къалэн куэд зыгъэзащІэ центрхэр республикэм и район псоми къызэрыщызэІуамыхам теухуауэ КЪР-м финансхэмкІэ и министрым упщІэ къыщІратым, жиІащ а лэжьыгъэр гъатхэпэм и пэхэм ирихьэлІэу зэрызэфІэкІынур.

КЪР-м щымрэ мылъкумрэ я Іуэхухэмкіэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Ерыстау Лянэ** утыку кърихьащ КЪР-м и Правительствэм и унафэ зыбжанэм я проектхэр. Абыхэм ящышщ Урысейм и УФМС-м и щыналъэ кудамэм лэжьыгъэ щрихьакІ, къэрал мылъкуу щыт унэр (Налшык къалэ, Кулиевым и уэрам, 7) иджыри илъэсищкІэ пщІэнщэу къигъэсэбэпыну хуит зыщІ унафэри.

Апхуэдэ дыдэу абы жиІащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и лэжьыгъэр щрихьакІ унэр (метр зэбгъуэзанатІэ 2986-рэ хъур) пщІэнщэу илъэсищкІэ къигъэсэбэпыну хуиту проектым Іэ зэрыщІадзари.

«Налшык къалэ администрацэм зыкъызэрытхуигъэзам тету, къэрал мылъкуу щыт, сом мелуани 180-м щІигу зи уасэ ухуэныгъэ муниципальнэ щыналъэм еттащ. Ар Налшык къалэ и Іэдииху жылэм Къзэланокъуэ Жэбагъы и цІэр зэрихьэу щыІэ уэрамым тет, еджакІуэ 555-рэ зыщІэсыну курыт школырщ», - пищащ къэпсэлъам.

«КЪР-м гъэгугъмкІэ бюджетым и фондыр 2016 - 2018 гъэхэм зэрытегущыІэхъэр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэм зэхъуэкІныгъэу хэлъхьэн хуейм къытеувыІащ КЪР-м гъэгу хозяйствэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Къуныжь Вячеслав**. Абы зэрыжиІамкІэ, КЪР-м и Правительствэм и Унафэм зэхъуэкІыныгъэ халъхьахэр епхащ муниципальнэ гъуэгу фондхэр къызэгъэпэща хъуным сом мелуан 36-рэ зэрытекІуэдэнур.

ЗэІущІэм хэтахэр арэзы техъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щы реформэ щегъэжьагъэкІыныкІэ Правительствэм и комиссэм щІэуэ хагъахьэну къагъэльэгъуахэми. Ахэр: КЪР-м и Парламентым Законодательствэмкіэ, къэрал ухуэныгъэмрэ щыІпІэ самоуправленэмкІэ и комитетым и унафэщІ Мэлбахъуэ Борис, Къэрал регистрацэмкІэ федеральнэ Іэнатіэм и щыналъэ кадастр палатэм и унафэщІ Тонконог Анн, Ерыстау Лянэ, Прохладнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Ячный Игорь сымэщ.

ЗэІущІэм щызэпкърахащ къат куэду зэтет унэхэр щызэрагъэпэщыжкІэ цІыхум нэхъ мащІэ дыдэу абы хилъхьэным, Украинэм къиІэпхъуэкІэм я Іуэхум, Къэбэрдей-Балъкъэрыр «Ракетнэ-космическэ ухуэныгъэхэр зыщІ Урысей корпорацэ» акционер зэгухьэныгъэм зэрыдолажьэм теухуа унафэхэри.

КЪР-м ветеринариемкІэ и управленэм и унафэщІ **Щыхьмырзэ Мухьэмэд** кІэщІу къытеувыІащ «КЪР-м щыпсэуэхэр уэзыфэ Іей зыпкъырыт псэущхьэхэмрэ къуалэбзухэмрэ

● КъБР-м и прокуратурэм

Щыхоплъэ, унафэ къыщащтэ

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Лаврешин Юрий республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и Президиумым и зэІущІэм хэтащ. Ищхъэ кІэлъыплъкІэу Іэнатіэм и судым зы уголовнэ Іуэхурэ нэгъуэщІ тхылъитІрэ щызэпкърахащ.

УФ-м и УК-м и 111-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэмрэ 115-нэ статьям и япэ Іыхьэмкіэ 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 21-м Налшык къалэ судым и унафэкІэ ильэсихІэ нэгъэтІысА Кайгермазов Т. и Іуэхум зэхъуэжІыныгъэ Іэнатіэкэ. УФ-м и УК-м и 115-нэ статьям и япэ Іыхьэм къыгъэувэхэр абы хагъэкІащ.

2015 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм къищта апелляцэ унафэр зэрахъутэжам, нэгъабэ мазаем и 18-м Налшык къалэ судым ищІа унафэр зэрыщытауэ къызэрагъэнэжам къыхэкІыу, УФ-м и УК-м и 201-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэмкіэ уголовнэ Іуэху ящІа Тхьэгъэпсэ А. зэрытхьэусыхэжам зыри къыкІакъым. Ищхъэкіэ щыІэ судым и унафэр якъутэжри, щэрыщІэу хэплъэжын щхьэкІэ, Іуэхум ирагъэгъэзэжащ.

Наркотикым пыщІа щІэпхъаджагъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэрилэжьам папщІэ, 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м Дон Іус Ростов къалэм и Октябрьскэ район судым и унафэкІэ агъэтІысауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ИК-4-м и ФКУ-м тезырыр щезыхьэкІ Рябининэ П. и Іуэхур уголовнэ законыщІэм зэрырагъэзэгъыжам тету, нэхъ мащІэ дыдэу зыхуит мардэм къитІасэу, зэрыщысыну пІалъэр абы хуагъэмэщІащ.

КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и Президиумым къищта унафэхэр прокурорым къыхилъхьахэм сыткІи йоз̀эгъ.

ЗэхъуэкІыныгъэшхуэ хэлъкъым

● ЗэІущІэхэр

УФ-м ІэпхъуэшапхъуэхэмкІэ и федеральнэ къулыкъум и управленэу БКР-м щыІэм щекІуэкІа зэІущІэм щыхэплъэжащ 2015 гъэм я лэжьыгъэм кърикІуахэм, къапэщыт къалэн нэхъыщхьэхэм щытепсэльыхьащ, - къет УФМС-м и пресс-Іуэхущ1апІэм.

КъБР-м щыІэ УФМС-м и унафэщІым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ, хэрзэ кІуэу кІулыкъум и полковник Бахъуэ Аслъан къытеувыІащ республикэм Іэпхъуэшапхъуэхэм ятеухуауэ щрагъэкІуэкІа лэжьыгъэм кърикІуахэм, бжыгъэхэри къихьащ.

2015 гъэм республикэм икІащ цІыху 3.251-рэ. ЩІыпІэм щыпсэухэм ящыщу Іэпхъуэр нэхъ мащІэ хуаами, къакІуэхэм елъытауэ, ар хуэди 2-кІэ нэхъыбэщ. УзыгъэпІейтейщ щыпІэм иІэпхъуКІхэм я нэхъыбэр щІэныгъэр Іэщ1агъэрэ зиІэ щІалэгъуалэр зэрыарар.

2015 гъэм КъБР-м щыІэ УФМС-м Урысей Федерацэм къэкІуэну кьызэрыгъэблагъэ тхылъ 922-рэ, пІалъэкІэ щыпсэуну хуит зыщІ тхылъ 1.241-рэ итащ. 600-м «вид на жительство» дэфтэрыр яІэ хъуащ. Абы хэм я нэхъыбэр (процент 22,6-р) Сирием и цІыхухэращ. Иужьрей дэфтэрым хуэдэ зратар псори зэхэту цІыху 4.566-рэ мэхъу, ар ди республикэм зэпымыуэу щыпсэухэм я процент 0,53-м нэсу араща.

ЗэІущІэм къызэрыщагъэлъэгъуащи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэмкІи, и псэукІэмкІи, и цІыху бжыгъэр зыхуэдэн хуеймкІи зыкІи зэран хуэхъуркъым хамэ лэжьакІуэхэр. Сыту жыпІэмэ, улахуэр щымащІэ, Іэщ1агъэшхуи зыхуэмей Іэнатіэхэщ ахэр зыпэрыуевэр.

УФМС-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щылэжьэнымкІэ патентхэр етыным кьыпэкІуауэ 2015 гъэм республикэ бюджетым сом мелуан 27-рэ мин 208-рэ хилъхьащ. Псори зэхэту апхуэдэ ахъшэу иужьрей ильэситхум КъБР-м и бюджетым ягъэкІуар сом мелуани 100-рэ мин 800-м щІегъу.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● Егъэджэныгъэ

Егъэджакіуэхэм я республикэпсо семинар Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щокІуэкІ.

Бзэр егъэджыныр ирагъэфІакІуэ

Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым мазаем и 3-м щекІуэкІащ урысыбзэр ди щыІпІэм щезыгъэджэм я республикэпсо семинар. Егъэджакіуи 100-м щІигъу зыхэта зэІущІэр къыздэгъэзэжащ я республикэпсо семинар. Егъэджакіуи 100-м щІигъу зыхэта зэІущІэр къыздэгъэзэжащ Къбкъу-м урысыбзэмкІэ и кафедрэмрэ Іэщ1агъэлІхэм я щІэныгъэм хэгъэхъуэнымкІэ республикэ центрымрэ я лэжьакІуэхэм.

СЕМИНАРЫР къыздэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ КъБКъУ-м урысыбзэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Башиевэ Светланэ**. ЗэІущІэр зэрелкІуэкІынымрэ абы къыщыІэтыну Іуэхугъуэхэмрэ кІэщІу къытеувыІа нэужь, Башиевэм къыздэхъуэсахэр щыгъуазэ ищІащ курыт школыр къэзыухъуэм урысыбзэмрэ литературымкІэ я щІэныгъэр здынэсыр къыздэращІытэ сочиненэм (изложенэм) ныбжьыщІэхэр нэгъабэ зэрыпэлъащам. Абы зэрыжиІамкІэ, дыгъэгъазэм екІуэкІа апхуэдэ къэпщытэныгъэхэм екъулІныгъэ яІэу пэлъэщащ КъБР-м 11-нэ классхэр къыщызыух псори.

- Къызэрапщытэ лэжьыгъэр ягъэзэщІащ республикэм и курыт школ 226-м я 11-нэ классхэм щІэс еджакІуэ 4345-м. Сочиненэ ятхащ ныбжьыщІэ 4277-м, адрей 68-м изложенэ ятхмэ нэхъ кьащтащ, - къыхигъэщащ Светланэ. - Школакіуэхэм ятха лэжьыгъэхэр ятеухуат темэ зэмылІэужьыгъуэ тхум: «Зэманыр къэувыІэну ущ1ыхуейр дапщэщ?», «Сыт унэм и теплъэм къыбжиІэфынур ар зейхэм ятеухуауэ?», «Сыт хуэдэ щэнхэр щІыхуэпсэм къыщыщІэІуихрэ лъагъуныгъэм?», «ГъащІэр хэхьныгъэ защІэу зэхэлъ жыхуаІэмкІэ фыарэзы?», «Тхылъ еджэныр - ар лэжьыгъэ хьэмэрэ зыгъэпсэхуэгъуэ?» Къэпщытэныгъэхэм хэтахэм я нэхъыбапІэм (процент 46,5-м) я тхыгъэ лэжьыгъэр трауХуащ лъагъуныгъэмрэ щІыхупсэмрэ. НыбжьыщІэхэм я Іыхьэ тхуанэр нэхъ дихьэхащ гъащІэм и зэхэлъыкІэм, ар хэхьныгъэ защІэу зэрекІуэкІым. Школакіуэхэм ящыщу тхыгъ еджэным тетхьыхьыфар процентэ 9-м щІигъуащ. Дауэ хъуми, ныбжьыщІэхэм я процент 98-р къэпщытэныгъэм хэзыгъэнэу пэлъэщащ. Абыхэм яхуэзэфІокІ я гупсысэхэр тэмэму якъалуэтэну, ахэр щІэзыгъэбыдэ щапхъэхэр литературэм къыхахыурэ къахьыну.

Профессорыр нэхъ щэщІащэ къытеувыІащ еджакІуэхэм тхыгъэм хащІыхь хабзэ щыуагъэ зыбжанэм. Урысыбзэр езыгъэджхэм абыхэм гу лъаригъэтащ икІи къыхуриджащ апхуэдэ щыщІэныгъэхэм зэман кІэщІым кьриубыдэу Іэмал имыІэу елэжьыжьын хуейуэ.

Урысыбзэмрэ литературэмрэ республикэм зэрыщрагъэджым, а унэтІыныгъэр адэкІи егъэфІакІуэным теухуат Іэщ1агъэлІхэм я щІэныгъэм хэгъэхъуэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ центрым и къызэгъэпэщыныгъэ-методикэ къудамэм и унафэщІ **Джаубермезовэ Мадинэ** и къэпсэльэныгъэр. 11-нэ классхэр къэзыуххэм ятыну мыгъэрей экзаменхэм (ЕГЭ) хэлъ зэхъуэкІыныгъэхэм я гугъу ищІащ КъБКъУ-м профориентацэ лэжьыгъэмкІэ и Іэнатіэм и унафэщІым и къуэдзэ, педагогикэ щІэныгъэхэм я кандидат **Сэбаншы Валентинэ**.

Апхуэдэ къэпсэлъэныгъэ купщІафІэхэм едэІуа нэужь, щІэныгъэлІхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ хуэкІуащ «стІол хъурей» жыпхъэм ит лэжьэкІэм. УпщІэжэуап щытыкІэм тету екІуэкІа е Іыхьэм урысыбзэр езыгъэджкэр щыщІэупщІащ а предметым екъэлІауэ зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэм, езыхэм я Іуэху еплъыкІэхэри наІуэ къащІащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Іуэху еплъыкІэ

Ууейм хуэдэ щыІэкъым

Къухьэпіэм къытхуигъэува санкцэхэм мы зэманым темыпсэлъхьыр щхьэхынэхэм я закъэущ. Псори абыхэм тралъхь: ди псэукІэр зэрекІэкІуари, гъэсыныпхъэхэр пуд зэрыхъуари, махуэ зэрыхуей ерыскъыхэкІхэмрэ хьэпшыпхэмрэ я уасэхэр зэпымыуэу зэрыдэкІуейри. Щхьэусыгъуэ кІуэ кърабжэкІ, ауэ ахэр зрамытыр зыщ: хэт дэ апхуэдэ щытыкІэ зыгъэгъуэр? Ди щхьэфэм Іэ кьыдалъэми кьыдэщхьэфауэми хъууэ?

АРЦЩХЪЭКІЭ абы и жэуапыр зэрыжаІэщи, тафэм тельщ. Мыр кьыщежьар блэкІа лэщІыгъуэм и 90 гъэхэу ди гъащІэр кьыщыутхъуа лъэхъэнэрщ. Ельцин Борис властыр яІэщІильхьат зэхэкъутэн фІэкІа узэщІыныгъэ лэжьыгъэ гуэри зыхуэзэфІэмыкІыну «реформатор» гупым. Ахэр яхуеплъэкІырт Урысейр льэрымыхь дыдэ зэращІым кьыхэкІыу къащыгуфыкІ США-м, кьуэхэпІэ къэралхэм. Зыгуэрэхэри кьыхуаІийрт. Псальэм и хьэтыркІэ, УФ-м и я президентым зэфІэкІа кьамыгъэсэбэп мастэ мин 500 Вашингтон кьыщикІыжьым кьызэрыздишар газетхэм хуабжьу ягъэвуат: иджы хы адрыщІыр ди ныбжьэгъуэщ, дигъэбиижьныкъыми...

Зыри щІэупщІэртэкъым пщІыну тынш дыдэ ар (икІэри ипэри мастэкъэ?!) ди деж къыщыщІамыгъэкІым и щхьэусыгъуэм: псоми ящІэрт «Правда» газетым и экономикэ обозревателу щыта Гайдар Егор и унафэм щІэту ирагъэкІуэкІа «зэхъуэкІыныгъэхэм» яужькІэ ди къэралым и Іэр апхуэдэ «жьгъейми» зэпынэмысыжьыфыну. ИтІани пэплъэхэрт Іуэхуэхэм фЫы и лъэныкъуэкІэ зыкъыззрадзэкІыжьыным. Ауэ щыхуэпІэм зэрыращэлІар кьащыгурыуар Чубайс Анатолий Іей и лъэныкъуэкІэ цІэрыІуэ зыщІа и приватизацэу иужькІэ ауанышІу «прихватизацэ» зыфІащыжам кьрикІуахэм щаІуэам щыгъуэщ. Япэщ1ыкІэ а политикым урысейхэр кьигъэгъгъат приватизацэм и фІыгъэкІэ унагъуэ кьэс «ГАЗ-24» автомобилитІ кьызыщІэкІыну ахъшэ лъысыну - ищІэрт апхуэдэ «Волга» лІэужьыгъуэм псори зэрехъуапсэр.

Адэкіэ кІыхь зедмыгъэщІми хъунущ, ар ди нэгу щІэкІащи. Промышленность лъэщым зэман кІэщІ дыдэм кІэ игъуэтащ, щІыдагъэ кьыщІэщыпІпхэр, заводхэр, фабрикэхэр березовскэмрэ Абрамовичрэ хуэдэ зэхэсІэпычхэм яІэрыхьащ, щІыху мелуанхэр зыхэпсэукІын ямыІэу кьанэри.

Арщхьэкіэ гугъуехь инхэм хэхуа пэтми, мэкъумэш хозяйствэр мыгъуэ-махуэми кьызэтенат. «Реформатор» щІалэхэр ерыщу абы иужь ихьащ. Сыт и лъэныкъуэкІи и Іэр щІадырт, колхоз фермэхэм псынщІэ дыдэу текІуэдыкІырт Іэщ1ыр, щІыр яхуэхьэжьртэкъым. Аурэ щымыІэжьыфын хуэдизу кІуэцІрагъэхуащ. Щхьэтечу жыпІэмэ, я мурадыр зрагъэхъуІащ.

Сытыт а мурадыр зыхуэгъэзар? Урысейм и Совет Нэхъыщхьэм щыщыщІыпсалъэм ар хуабжьу белджылыуэ къигъэлъэгъуащ УФ-м финансхэмкІэ и министру блэкІа лІэщІыгъуэм и 90 гъэхэм лэжьа Ковалёв Валентин. Мэкъумэш хозяйствэм дяпэкІэ зэрызиужьыну щыкІэм теухуа упщІэм жэуап щиты, а къулыкъущІэм жиІащ: «Мэкъумэш хозяйствэм дэ зедгъэужьынукъым. Дэ абы дыхуейкъым. ЕрыскъыхэкІхэр кьритщэхунущ щыдыдгъэмрэ газымрэ кьыщІэтх ахъшэм». А зэманым Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщІу щыта Хасбулатов Руслан иу кьегъэкІыж: «А жэуапыр апхуэдизу дызыпэмыплъати, депутатхэр япэщІыкІ къэуІэбжьащ, итІанэ дыхьэшхащ». Ауэ ар дыхьэшхэнт? Депутатхэм пэшым кьыщІэхуэн хуэщ апхуэдэ гупсысэкІэ фІэкІа зимыІэ министрыр...

Арщхьэкіэ абы и пІэкІэ зэрыжиІа дыдэм хуэдэу хъуащ: колхозыщІыр зыІэрыхьа фермерхэм ар яхуэхьэхэртэкъым - языныкъуэхэр нэхъапэм зэи губгъуэм ихьатэкъым, адрейхэр ягъэбауэртэкъым льэпощхьэпо зэмылІэужьыгъуэхэм. Властым бжыгъуэм ильэпощхьэпо зэмылІэужьыгъуэхэм, нэгъуэщІхэмкІэ. Езыхэм кьалэжьар уасэ еэзгъырабгъуКІэ щІэсфырт. Кьрикіуар ди нэгу щІэкІащ: ерыскъыхэкІхэр абыхэм я деж кьыщыпщэхуну нэхъ пуд хъуащ, ди деж кьыщалэжьым трагъэкІуадэм нэхърэ. Мис араща, псальэм и хьэтыркІэ, Польшэм куэду мыІэрысэ кьытхуригъэшэфу щІыщІтам и щхьэусыгъуэр. Ауэ щхьэ дэ езыхэм жыгъэр дгъэкІ мыхъурэт дызыхуеиум хуэщІ пуд хъуащ, ди деж кьыщалэжьым трагъэкІуадэм нэхърэ. Мис араща, псальэм и хьэтыркІэ, Польшэм куэду мыІэрысэ кьытхуригъэшэфу щІыщІтам и щхьэусыгъуэр. Ауэ щхьэ дэ езыхэм жыгъэр дгъэкІ мыхъурэт дызыхуеиум хуэщІ пуд хъуащ дэщхьэмыщхьэ кьыпытхыу, кьуаажьдэсхэри Іэнатіэкіэ кьызэдгъэпэщу?

Иджы кьыщыщІэддзам тедгъэзэжынщи, уэ кьэпхьэІэфынур нэгъуэщІым и деж кьыщыпщэхуныр гъуэгу пэнжжэзрыщытыр властыр зыІэщІэлъхэм кьащыгурыуар санкцэхэр кьытхуагъэуува иужькІэщ. Псори щогуфІыкІ Іэщ фермэщІэ кьызэрызІуахам е мыпхуэдэ кьуаажэм щыщ фермерым хадэжкІ бэв кьызэрехъулІам кьуэхьабрхэм. Ауэ ипэкІэ дэнэ здэщыдар мы Іэнатіэр зезыгъэкІуэн хуейхэр?

ИгъащІэкІэ зэфІэ кьэралхэр щІэпкъым - ахэр зэфІонэ, зоклуэ. АтІэ уи ерыскъыр уи гъунэгъур кьызэрыпхущытым ельытауэ щхьэ упсэун хуей? Ууейм хуэдэ щыІэкъым. Санкцэхэм я гугъу пщІымэ, ар Совет Союзым ьэгъэщыІпІауэ щыІэу щытащ кьызэрыунэхуэрэ. Псальэм и хьэтыркІэ, 60 гъэхэм СССР-м и унафэщІ Хрущев Никитэ ФРГ-м и канцлер Аденауэр Конрад ельэІуат хьурейуэ гъэжа бжьамийжэ кьэращну. Ди промышленностым ахэр хуэщІыртэкъыми, зэгуагъэвэн хуей хьурт, фІагъкІи нэхъ мыхьэнэншэу икІи текІуадэри нэхъыбэу. Канцлерым жэуап кьритыжащ: «Ди деж щадэркъым бжьамийжэр нэгъуэщІ кьэралхэм етщэу». Ар пцІыт: зрамыщэр социалист кьэралхэрт - бжьамийжэр стратегие мыхьэнэ зиІэхэм хагъэхьат. Хрущев и унафэкІэ Іуэхум жыджэру яужь ихьащ икІи Свердловск областым щыІэ Первоуральск къалэм дзт заводым Германием щащІхэм нэхъ р̀эхьэ зыкІи мынэхъыкІэ продукцэ кьитащ. Мы хъыбарыр СССР-м и Іэтащхьэм ауан щІэлъу кьыщиІуэтэжауэ щытащ КПСС-м и ХХІ съездым.

Апхуэдэ щапхъэхэр гъунэжщ. Ди къэралыр кьыпхуэмыІуэтэн хуэдизу кьулейщи, США-р куэд щІауэ кьыщІонэщІ, уеблэмэ, щІимыуфэу. Хэкіыпіэхэр куэдыкІей мэхъу, арщхьэкІэ кьэдгъэсэбэпыркъым.

СоцІэж социализмэм и зэманым ди республикэми, гъунэгъу щыІнатІэхэми мы Іэрыс кьыпыхуаехэр, пхъэгулъхэр куэду Іахьу зэрыщытар. Пудт, ауэ абы кьыщІаха ахъшэмкІэ сабийжэм зэреджэну тхылъхэр кьыхуащхьурт. Пхъэщхьэмыщхьэпо Іэфі кьызыхаху пхъэгулъхэр бжьыхьбгъуэм Іутт, кьыхэкІийжэм щыгъуэнжт - умышцэхэ закъуэ. Иджыри щІэІэщ, ауэ зыри емыІуэсу покІуэдыхьыкІ - Іыхьпіэхэр бзэхьжащ. Ауэ мы Іуэхур тыншу пхуэзтеублэжкІынущ, уасэ тэмэм хуагъэувмэ. Ар зы щапхъэ закъуэ кьудейщ.

Хьэуэ. Унафэ зыІэщІэлъэр иджыри поплъэ санкцэхэр ІуэхыжьынымкІи. Модрейхэми кьагъэгугъэ гъэмахуэ дызыхуэкІуэм льэпощхьэпохэр лъэныкъуэ ирагъэзыну.

ИтІанэ псори зэрыщІэта хъужьнущ: дэ ерыскъыхэкІхэр, лъэпэд, джанэ хуэдэхэр нэгъуэщІ кьэралхэм кьыщытщхьэнущ, аргуэру ягу ириміыхьын гуэрхэр тщІэуэ щІэрыщІэу санкцэхэр кьытхуагъэувыхьу.

ШАЛ Мухьэмэд.

● КъБР-м и прокуратурэм

Щыхоплъэ, унафэ къыщащтэ

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Лаврешин Юрий республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и Президиумым и зэІущІэм хэтащ. Ищхъэ кІэлъыплъкІэу Іэнатіэм и судым зы уголовнэ Іуэхурэ нэгъуэщІ тхылъитІрэ щызэпкърахащ.

УФ-м и УК-м и 111-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэмрэ 115-нэ статьям и япэ Іыхьэмкіэ 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 21-м Налшык къалэ судым и унафэкІэ ильэсихІэ нэгъэтІысА Кайгермазов Т. и Іуэхум зэхъуэжІыныгъэ Іэнатіэкэ. УФ-м и УК-м и 115-нэ статьям и япэ Іыхьэм къыгъэувэхэр абы хагъэкІащ.

2015 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм къищта апелляцэ унафэр зэрахъутэжам, нэгъабэ мазаем и 18-м Налшык къалэ судым ищІа унафэр зэрыщытауэ къызэрагъэнэжам къыхэкІыу, УФ-м и УК-м и 201-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэмкіэ уголовнэ Іуэху ящІа Тхьэгъэпсэ А. зэрытхьэусыхэжам зыри къыкІакъым. Ищхъэкіэ щыІэ судым и унафэр якъутэжри, щэрыщІэу хэплъэжын щхьэкІэ, Іуэхум ирагъэгъэзэжащ.

Наркотикым пыщІа щІэпхъаджагъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэрилэжьам папщІэ, 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м Дон Іус Ростов къалэм и Октябрьскэ район судым и унафэкІэ агъэтІысауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ИК-4-м и ФКУ-м тезырыр щезыхьэкІ Рябининэ П. и Іуэхур уголовнэ законыщІэм зэрырагъэзэгъыжам тету, нэхъ мащІэ дыдэу зыхуит мардэм къитІасэу, зэрыщысыну пІалъэр абы хуагъэмэщІащ.

КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и Президиумым къищта унафэхэр прокурорым къыхилъхьахэм сыткІи йоз̀эгъ.

ЗэфІэгъэкІыпхъэхэр щагъэбелджылы

Шэрэдж щынальэм и прокурорым иригъэкІуэкІа зэІущІэм щызэхалъхьажащ кІэлъыплъныгъэ лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным хэушэнтІауэ нэгъабэ зэфІэгъэкІахэр. Абы хэтащ КъБР-м и прокуратурэм и къудамэм и унафэщІ Туменов Елдар.

КъЫЗЭРЫХАГЪЭЩАМКІЭ, федеральнэ законодательствэм къемызэгъэ ныкъуасанигъэу минитІым щІигъу къыщІагъэщащ, ахэр ягъэзэкІуэжыну яхуэзыгъэкІ тхылъу 498-рэ хуатхащ. Абыхэм хэплъэри, кьулыкъущІэ 385-рэ дисциплинэ жэуапым ирашэлІащ. ЩІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ Іуэхущ1апІэхэм хабзэм къемызэгъэ я пщалъэ-правовой акту 180-м щІигъу зыхуэфащэ тхылъэхмкІэ къызэтрагъэуВыІащ. Законыр къызэпадз зэрымыхъунур кьулыкъущІэ 55-м гурагъэІуащ.

Шэрэдж щынальэм щыпсэухэм лэжьыгъэмкІэ, псэупІэмкІэ я хуитыныгъэхэр, балигъ мыхъуахэм я сэбэп зыхэлъхэр яхъумэн, гъэзгухэм шынагъуэншагъэр къыщыізэрагъэпэщын, цІыхухэр куэду щыпэкІу щІыпІэхэм сакъыныгъэр щагъэлъэщын мурадкІэ, район судым иск тхылъу 60 ягъэхьати, псоми хуэфащэ унафэ кьыхуагъэутащ.

Следователхэмрэ пэублэу Іуэхум хэплъэхэмрэ 760-рэ законыр къыізэпаудауэ къахутащ. Абыхэм ящыщу 591-р щІэпхъаджагъэхэм ятеухуауэ щІыхьэмрэ Іэнатіэхэмрэ я тхылъхэм зэрыхэплъэм, 169-р судым и пэ къихуэу уголовнэ Іуэхухэр зэрызэхагъэкІ щыкІэм хуоз̀эгъ.

Хабзэм къемызэгъэу къалъытэри, уголовнэ Іуэху кьаІэтын ямыдэу следователхэмрэ пэублэу хэплъэхэмрэ кьащта унафэу 500-м щІигъу, уголовнэ Іуэхухэр кьызэрызІуахым теухуауэ 13, ахэр зэрагъэтІылъыж унафэуи апхуэдиз, уголовнэ Іуэхухэр зыкъэтезыгъэуВыІэу 56-рэ якъутэжащ. Апхуэдэу щІэпхъаджагъэ 25-рэ щІэрыщІэу ирагъэтхыжащ.

Кьыщыгъэща ныкъуасанигъэхэр ирагъэгъэзэкІуэжын папщІэ, республикэм Следствэмкіэ и управленэм и Шэрэдж щынальэ къудамэмрэ Урысейм и МВД-м и щІыпІэ Іуэхущ1апІэмрэ я унафэщІхэм кьалэн ящызыщІ тхылъу 79-рэ хуатхащ, кьуанщагъэр езыгъэлъагъуэ тхыгъэу 29-рэ ягъэхьэзырри, абыхэм ябпкъ иткІэ, кьулыкъущІэ 25-рэ дисциплинэ жэуапым ирашэлІащ. ЩІынальэм и прокурорэр хэту щоІуэ Іуэхуу 54-рэ зэхагъэкІащ икІи кьуанщэхэр зыгъэзахуэ унафэ кьыщрагъэщтакъым. КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм апелляцэ тхылъхэр кьыщыкІалъхьэри, цІыхухэм яхуэгъэза унафиц законодательствэм ирагъэзэгъыжащ.

ЗэІущІэм щагъэбелджылащ Шэрэдж муниципальнэ щІынальэм законымрэ хабзэмрэ щагъэбыдэн папщІэ, прокурор кІэлъыплъныгъэр гъэльэщыным хуэунэтІауэ дяпэкІэ лэжьыпхъэхэр.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Зэпеуэхэр

Псэр къулей ящІ

Мэлбахьуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэмрэ Къалэн куэд щагъэзащІэ щІалэгъуалэ центрымрэ «Псэр къулей зыщІ еджэныгъэ» буктрейлерхэм (тхылъхэм ятеухуа видеонэтын нэхъыфІ) я зэпеуэ къыхалъхьащ. Ар Хэку заущхьэм ТекІуэныгъэ къызэрыщытхьэ илъэс 70 зэрырикъуамрэ 2015 гъэр Литературэм и илъэсу зэрыщытамрэ папщэу къызэрагъэпэщащ.

БУКТРЕЙЛЕР Іэмалым зэманым декІу гаджетхэр, кинор, Интернетыр, литературэр хохьэ. А щІыкІэм тхылъыр видеоІэмалкІэ уегъэщІыу, тхыгъэм и гупсысэ нэхъыщхьэмрэ уигу кьинэжьну Іыхьэхэмрэ къызэщІебыдэ.

Зэпеуэм хэт хъунущ республикэм щыпсэуу зи ныбжьыр илъэси 10 - 35-м кьриубыдэу видео техьыным, абы и зэгъэзэхуэжьным хуэІэрыхуэ дэтхэнэри.

Іыхьищу зэщхьэщыха зэпеуэр 2015 - 2016 гъэхэм ирагъэкІуэкІыну я мурадщ.

Мы зэманым «Фыуэ слъагъу тхылъым сытопсэлъыхь» зэпеуэм и ещанэ Іыхьэр ирагъэжащ. Ар зэтІыныгъэщІкІэ гуэшауэ щытщ:

1. «Си сабиигъуэм и тхылъ» - ущыщІыкІум фІыуэ плъагъуу щыта тхылъым, сабий тхакІуэм е журналым (псалъэм папщІэ «Солнышко», «Нур», «Нюр», «Мурзилка», «Веселые картинки» нэгъуэщІхэм) тепсэлъыхьын;

2. «ЛІэщІыгъуэ псоми анэдэлъубзэ ухуейщ...» - адыгэбзэкІэ е балъкъэрыбзэкІэ тха художественнэ тхыгъэ гуэрым теухуэн;

3. «Дунейр къысхуэзІуэлъых тхылъ» - урыс е хамэ къэрал тхакІуэм и Іэдакъэ къыщІэкІа, тхылъыр зытеухуам емылъытауэ уи Іуэху еплъыкІэр зезыгъэхъуэжа е уи щІэныгъэм хэзыгъэхъуэ гуэрым тепсэлъыхьын.

Зэпеуэм хэтыныхэм я лэжьыгъэхэр мазаем и 1-м щыщІэдзауэ фокІадэм и 31-м пщІондэ Іахьнущ.

Лэжьыгъэхэм Лъэпкъ библиотекэмрэ ЩІалэгъуалэ центрымрэ я Интернет сайтхэм нэІуасэ защыхэсфщІыбынущ, апхуэдэуи фигу ирихьамкІэ Іэ фІэт хъунущ.

Къэпщытакіуэ гупым лэжьыгъэхэр къызэщІакъуэжа нужь, щэкІуэгъуэм и 10-м, ЩІалэгъуалэм я дунейпсо махуэм, текІуахэр ягъэнэІунущ.

Зэпеуэм уэрыхэтымкІэ дэфтэрхэм «Лэжьыгъэм и фІэщыгъэр» къыщыбгъэлъагъуэм деж «Буктрейлерхэм я зэпеуэ» дамыгъэ тебгъэувэу, уэрыхэтыу Іыхьэр кьэбгъэлъэгъуэн хуейщ.

УпщІэ зиІэхэр фыпсалъэ хъунущ мы телефонэхмкІэ: (88662) 77-48-46;77-45-96.

Зэпеуэм теухуа хьыбар псори ЛъэпкъБиблиотекэм (www.rhkbr.рф), ЩІалэгъуалэ центрым (молодежькбр.рф) я сайтхэм къыщыбгъуэтыфынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жьалагъуэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьныпрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ и управленэ.

● Узыншагъэ

Медицинэ лэжьакІуэ нэхъыфІыр къыхах

УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм ирегъэкІуэкІ «Курыт щІэныгъэ зиІэ медицинэ, фармацевт лэжьакІуэ нэхъыфІ» зэпеуэр. Ар гуэшауэ щытынущ «Фельдшер нэхъыфІ», «Акушер нэхъыфІ», «Медсестра нэхъыфІ», «Участковэ медсестра нэхъыфІ», «Медсестра нэхъыжь нэхъыфІ», «Лаборант нэхъыфІ», «Фармацевт нэхъыфІ», «ІэщІагъэм зэрыхуэпэжым папщІэ» унэтІныгъэхэмкІэ.

ЗЭПЕУЭР Іыхьищу екІуэкІынущ. Абы хэт хъунущ къэрал ІэнатІэм пэрытхэм я мызакъуэу, уней медицинэ Іуэхущ1апІэхэм я лІыкІуэхэри. Япэ Іыхьэм медицинэ, фармацевт Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэ нэхъыфІхэр кьыхахынурэ, етІуанэм - республикэ зэпеуэм - агъэкІуэнущ. КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и къэпщытакІуэ гупым нэхъыфІхэр щагъэбелджылынущ. Абы кьыхахахэм ещанэ Іыхьэм - урысейпсо зэхьэзэхуэм - я зэфІэкІ щагъэлъэгъуэнущ.

Зэхьэзэхуэр зэрекІуэкІынум и хабзэхэм щыгъуазэ зыщыкъуэфщІыбынущ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и сайтым: minzdravkbr.ru («Объявления» Іыхьэм). Апхуэдэу фыщыщІэупщІэ хъунущ 42-41-17 телефонымкІэ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Хэгъэзыхь зэмыту

Урысей МВД-м и къудамэу Дзэлъкъуэ куейм щыІэм зэрыщытхамкІэ, Сэрмакъ къуажэм щыпсэум езым полицейхэм яритащ хуит зыщІ тхылъхэр имыІэу унэм щихъума 16 калибр зиІэ «Иж» щакІуэ фочыр.

АБЫ ЗЭРЫЖИАМКІЭ, фочыр дунейм ехьжа и адэм ейт.

Іэщ1эр экспертизэм ягъэхьащи, Іэхуэр зэфІэкІмэ, къэпщытэныгъэхэм яужькІэ, абы пэкІуэ ахъшэр етыным теухуа унафэ ящІынущ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

КъБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэзыт телекомпанием, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь» газетхэм, Литературная Кабардино-Балкария», «Іуащъэмахуэ», «Минги-Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм я редакцэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм, «Тетраграф» ООО-м, «КъБР-м и цІыхубэ хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьыгъэ зыкъэзыгъэпэщ комплекс центр» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм я лэжьакІуэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэзыт телекомпанием и лэжьакІуэхэу **Махиев Руслан Давлет и къуэмрэ Махиев Бузжигит Давлет и къуэмрэ** яхуогузавэ абыхэм я адэ **Махиев Давлет Магомед и къуэр** зэрыІам кьыхэкІыу.